

8 mas 2021

Chè fanmi,

Nou swete oumenm ak pwòch ou yo sennesof ak ansante. M ap ekri ou jodi a pou m ba w yon trè bon nouvel: nou pral ouvri lekòl segondè nou yo pou aprantisaj anpèsòn Jedi 22 mas.

Depi kòmansman ane lekòl la, mwen tande opinyon anpil nan nou ki anvi fè pitit nou yo retounen nan yon salklas fizik. Mwen konnen oumenm ak pitit ou a te wè kamarad yo nan lòt klas retounen nan aprantisaj anpèsòn, pandan elèv ou a te kontinye fè travay di aprantisaj adistans lan.

Mwen kontan anpil nou kapab kounye a envite elèv ki nan klas 9-12 ane ki chwazi aprantisaj miks nan sezon otòn lan pou tounen nan salklas yo.

Avèk elèv ak estaf nan lòt klas ki deja retounen nan bilding lekòl nou yo, nou devlope pratik solid pou kenbe kominote lekòl yo an sante ak an sekirite, ak pou gen maksimòm tan aprantisaj anpèsòn pou elèv k ap aprann nan bilding nou yo. Nou gen pou ba w plis enfòmasyon sou aktivite, tankou espò ak lòt aktivite andeyò kourikoulòm akademik lan. Pou kounye a, men sa ou bezwen konnen sou fason lekòl ou a ap retounen nan aprantisaj anpèsòn:

Tès COVID-19 chak semèn ak konsantman obligatwa

- Y ap teste oaza 20% nan elèv ak anlwaye chak semèn.
- Tout elèv ki poko fè sa oblije bay konsantman pou tès la avan premye jou yo pwograme pou aprantisaj anpèsòn lan, pou yo ka aprann anpèsòn.
- Nou ankouraje fanmi pou voye konsantman atravè kont NYC Schools Account nan mystudent.nyc avan premye jou aprantisaj an pèsòn pitit yo.

Si w deja gen yon kont NYCSA ki konekte avèk elèv ou a(yo):

- Log in, klike sou non elèv ou a, klike sou "Manage Account," epi apre, lè yon meni k ap deroule parèt, klike sou "Fòm Konsantman (Consent Forms)."
- Li paj la, epi chwazi opsyon konsantman an nan fen an pou elèv ou a.

Si ou poko gen yon kont NYCSA:

- Ou ka kreye youn tousuit! Si lekòl ou a te ba w yon kòd pou kreye yon kont, ou ka kreye tout yon kont nan apeprè senk minit, epi apre, bay konsantman w jan nou dekri sa pi wo a.
- Si lekòl ou a pa t ba w yon kòd kreyasyon kont, ou ka toujou bay konsantman ou tousuit lè w klike sou "Jere Konsantman (Manage Consent)" anba "COVID-19 Testing" ak ranpli enfòmasyon pou ou ak pou pitit ou a pou bay konsantman an.
- Ou ka enprime epi voye fòm ki avèk lèt sa a tou.
- **Elèv ki pa bay konsantman pral fè tranzisyon imedyatman nan aprantisaj konplètman adistans.**

Preferans aprantisaj & orè anpèsòn

Si ou te chwazi aprantisaj miks kòm preferans aprantisaj pitit ou, swa avan kòmansman ane lekòl la oswa pandan mwa novanm lan nan peryòd ou te ka fè sa a, lekòl pitit ou a pral kontakte w pou ba w nouvo orè li.



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Si ou te chwazi aprantisaj miks avan, men ou vle rete konplètman adistans kounye a, ou ka fè sa lè w chanje preferans ou pi vit posib nan nycenet.edu/surveys/learningpreference

Prezans

Tanpri sonje elèv ki nan aprantisaj miks gen obligasyon pou yo vin lekòl yon fason konsistan. Lekòl ou a ap kontakte w si pitit ou a pa vini lekòl anpèsòn regilyèman, epi y ap fè li fè tranzisyon nan aprantisaj konplètman adistans si li kontinye ap absan lekòl pou aprantisaj anpèsòn. Sa ap pèmèt lekòl yo ofri maksimòm jou ansèyman anpèsòn pou elèv k ap patisipe anpèsòn.

Si w vwayaje

Pòz pou prentan (Spring break) kòmanse Lendi 29 mas. Tanpri sonje elèv ak anplwaye ki retounen Nouyòk apre yon vwayaj nan yon kote ki sou lis konsèy eta a sou vwayaj dwe rete an karantèn pou 10 jou, oswa teste apre karantèn 10 jou a dapre konsèy eta a, ke ou ka jwenn nan coronavirus.health.ny.gov/covid-19-travel-advisory.

- Elèv DOE kontinye gen priyorite aksè pou fè tès nan lokal H+H atravè vil la; ou ka jwenn yon lis lokal yo la a: schools.nyc.gov/covidtesting.

Kèlkeswa kote pitit ou a ap aprann, nou pran angajman pou asire li resevwa yon edikasyon solid, avèk anpil sipò. Nou konnen kijan lekòl enpòtan pou elèv ou a, kit se miks, kit se adistans—epi devouman nou anvè yomenm rete inebranlab pandan moman difisil sa a.

Avèk senserite,

Richard A. Carranza

Chanselye

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk